

Konsèy pou ankouraje itilizasyon aparèy vokal pandan ete a

- 1 Fè yon fason pou w abitye ak aparèy vokal timoun ou an:**
Pou w ede timoun ou an aprann kijan pou li itilize aparèy li a, ou dwe aprann kijan pou w itilize l ou menm! Eksplòre aparèy la pou w aprann ki kote mo timoun ou an ap itilize yo ye. Travay kole kole ak òtofonis timoun ou an pou li ka ede ou menm ak timoun ou an aprann kijan pou nou itilize aparèy vokal li a.
- 2 Modelize, Modelize, Modelize!**
Pou timoun ou an aprann kijan pou li itilize aparèy li a, li dwe wè kote lòt moun ap itilize li tou! Li dwe tandè lang ou vle l itilize a epi wè kote li ye nan aparèy li a pou li ka itilize l li menm. Lè w ap pale ak li, itilize aparèy la pou w di mo ou di vèbalman yo tou. Fè lòt manm nan fanmi yo patisipe tou pou sa ka amizan pou tout moun!
- 3 Moun yo benefisye lè lòt moun itilize aparèy vokal yo pou yo kominike avèk yo.**
Kisa timoun ou an renmen fè? Èske li renmen mizik? Yon jwèt an patikilye? Jwe deyò? Kreye yon anviwònman ki favorab pou reyisit! Asire w aparèy li a prezan pandan aktivite motivan sa yo epi ou konnen ki kote mo li ka itilize yo ye nan aparèy la. Ankouraje timoun ou an itilize aparèy la pou l mande (pa egzanp, balanse toujou), reponn (pa egzanp, wi/non), poze kesyon (pa egzanp, mwen ka chwazi yon chante?), oswa fè kòmantè (pa egzanp, mwen renmen blòk mwen yo.)
- 4 Se pou w konsistan!**
Nou konnen aprann yon nouvo bagay mande tan ak pratik. Se menm bagay la tou pou aprann itilize aparèy vokal la. Mete yon tan sou kote chak jou pou w konsantre w sou travay ak timoun ou an sou kòman pou l itilize aparèy li a. Asire w aparèy la disponib pou nenpòt opòtinite kominikasyon ki genyen.

